

## PWOGRAM KONEKTIVITE ABÒDAB LA

Pwogram koneksyon abòdab la ofri kay ki elijib jiska \$30/mwa pou sèvis entènèt (ak \$100 kòm yon rabè pou yon sèl fwa pou yon aparèy.)

### KISA LI YE?

Pwogram Koneksyon Abòdab (ACP) ede fanmi ki elijib yo satisfè bezwen dijital yo pou senk ane kap vini yo.

Si ou kalifye, ACP peye jiska \$30/mwa pou sèvis entènèt oswa done san fil. Si bòdwo w la se \$30 oswa mwens, sa vle di ou jwenn sèvis gratis! If your bill is \$30 or less, that means you get free service!

Epi, ACP ofri yon rabè ou ka sèvi yon sèl fwa ki rive jiska \$100 pou yon òdinatè pòtab, tablèt, oswa òdinatè nòmal. Ou ka wè yon lis sèvis konpayi ki ofri rabè aparèy la isit [la<sup>1</sup>](#).

Pwogram Koneksyon Abòdab la limite a yon sèl rabè sèvis chak mwa ak yon rabè aparèy pou chak kay.<sup>2</sup>

### KIJAN POU APLIKE

- Soumèt yon aplikasyon sou entènèt la nan [AffordableConnectivity.gov](https://www.fcc.gov/affordable-connectivity-program-providers#Massachusetts).
- Pa lapòs an [Angle](#) oubyen [Espanyòl](#).<sup>3</sup>
- Kontakte yon konpayi entènèt dirèkteman. Itilize [lis sa sou entènèt](#)<sup>4</sup> la pou ou ka jwenn yon konpayi ki ap patisipe tou pre ou si ou pa genyen youn.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou ACP, tcheke [sit pwogram](#)<sup>5</sup> lan, rele Boston's Broadband & Cable Office nan 617-635-3112, oswa voye yon imèl ba [Digital.Equity@boston.gov](mailto:Digital.Equity@boston.gov).

### KIYÈS KI ELIJIB?

**Fanmi ki gen revni nan oswa pi ba pase 200% liy povrete nasyonal la.**

**Kay kote nenpòt manm tonbe anba youn nan kategori sa yo.:**

- Ou patisipe nan sèten pwogram asistans tankou SNAP, Medicaid, SSI, Asistans Lojman Piblik Federal, WIC, Benefis Pansyon Veteran ak Sivivan, oswa [Lifeline](#).
- Ou patisipe nan youn nan plizyè pwogram Tribal yo.
- Ou te resevwa yon Sibvansyon Pell federal nan ane prim aktyèl la.
- Ou te resevwa benefis atravè yon pwogram pou manje oswa dejene nan lekòl.

<sup>1</sup> [fcc.gov/affordable-connectivity-program-providers#Massachusetts](https://fcc.gov/affordable-connectivity-program-providers#Massachusetts)

<sup>2</sup> Yon kay se yon gwooup moun k ap viv ansanm epi ki pataje lajan, e moun ki ap viv ansanm men ki pa pataje lajan yo, chak se pwòp kay pa yo. Fanmi yo kalifye pou ACP si nenpòt manm kay yo satisfè kritè elijiblite yo pou pwogram yon konpayi k ap patisipe nan yon pwogram revni fèb.

<sup>3</sup> [affordableconnectivity.gov/how-to-apply](https://www.affordableconnectivity.gov/how-to-apply)

<sup>4</sup> [fcc.gov/affordable-connectivity-program-providers#Massachusetts](https://fcc.gov/affordable-connectivity-program-providers#Massachusetts)

<sup>5</sup> [affordableconnectivity.gov](https://www.affordableconnectivity.gov)